



New York State Nail Salon Industry Enforcement Task Force

Depatman Travay Eta New York
Depatman Sante Eta New York
Komisyon Konpansasyon Travayè Eta New York

Depatman Travay Eta New York
Depatman Taks ak Finans Eta New York

1ye Jiyè 2015

Chè Praktisyonè nan Salon Maniki:

Nan mwa me 2015, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon efò a plizyè volè pou refòm endistri salon maniki nan Eta New York. Refòm sa a pral korije epi anpeche pratik delwayal ak kondisyon travay ki pa ansekirite.

Gouvènè Cuomo te rasanble yon Gwoup Travay ki gen reprezantan ki soti nan Depatman Travay, Depatman Deta, Depatman Sante, Taks ak Finans ak Komisyon Konpansasyon Travayè pou aplike refòm yo. Ap genyen tou yon kanpay sansibilizasyon piblik pou edike travayè yo, biznis ak piblik la.

Wap jwenn plis enfòmasyon nan <http://on.ny.gov/NailSalonWBR> enkli Fèy Enfòmasyon pou Travayè nan Salon Maniki yo.

Nouvo Règleman pou Salon yo ak Deklarasyon Dwa Travayè

Eta te mete nouvo règleman anplas pou salon maniki yo pwoteje travayè yo. Nouvo règleman an gen ladan:

- **Deklarasyon Dwa Travayè nan Salon Maniki yo:** Salon Maniki yo dwe afiche Deklarasyon Dwa Travayè yo yon kote ki vizib pou tout anplwaye yo ansanm avèk piblik la. Afich sa a ap enfòm travayè yo sou dwa yo genyen pou salè legal ak yon anviwonman ki ansekirite. Lap bay tou yon nimewo telefòn gratis ke travayè yo ka rele pou poze kesyon epi pote plent yo. Vizite <http://on.ny.gov/NailSalonWBR> pou gade afich la.
- **Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl:** Pwopriyetè yo dwe bay travayè yo mask respiratè, gan nitril ak pwoteksyon zye gratis. Tout travayè nan salon maniki yo dwe gen aksè avèk yo e yo dwe mete:
 - Mask respiratè lè yap poli oswa ranpli zong yo oswa itilize poud akrilik.
 - Gan lè yap manyen pwodui chimik danjere oswa dechè, pandan netwayaj oswa lè yap fè pwosedi kote po yon kliyan ka dechire.
 - Pwoteksyon zye lè yap vide oswa transfere pwodui chimik danjere ansanm avèk lè yap prepare pwodui chimik ki potansyèlman danjere pou itilize nan sèvis swen zong.
- **Nouvo egzijans Obligasyon ak Asirans:** Sa a pral asire ke yon salon maniki gen mwayen pou peye w si li dwe ou aryere salè.
- **Egzamen Ajan Chimik:** Eta pral egzamine enfòmasyon syantifik sou posib efè sante pwodui chimik ki te itilize nan salon maniki yo genyen. Yo pral itilize egzaminasyon sa pou deside si yo bezwen plis aksyon pou pwoteje w ansanm avèk kliyan ou yo.

- **Obligasyon Vantilasyon:** Eta aktyèlman ap devlope nouvo obligasyon pou asire ke salon ak estasyon travay yo vantile komsadwa. Ou pral resevwa plis enfòmasyon lè Eta fin finalize obligasyon sa yo.

Amelyore Pwosesis Lisans ak Fòmasyon Gratis

Pou ede travayè salon maniki yo, yo te fè chanjman ki annaprè yo:

- **Lisans Stajyè nan Salon Maniki:** Depatman Eta ap devlope yon pwogram Lisans Stajyè pou moun yo ki vle bay sèvis maniki nan yon salon pou yon frè pandan yap travay nan direksyon pou yo vini yon spesyalis maniki ki gen lisans. Pwogram sa a pèmèt moun ki pa gen lisans pou kenbe travay yo jiskase yo genyen lisans espesyalis maniki yo.
- **Yo ofri Egzamen Lisans nan anpil Lang:** Depatman Eta pral kòmanse bay egzamen lisans nan lang Nepali, Tibetan ak Vietnamese. Aktyèlman yo bay egzamen yo an Angle, Panyòl, Koreyen, Japonè, Ris ak Chinwa.
- **Aplikasyon Lisans Klarifye:** Yo pral chanje aplikasyon lisans lan pou montre sa ki obligatwa legalman avèk sa ki pa obligatwa legalman pou gen yon lisans.
- **Ofri Klas Angle Gratis:** Biwo Klas Angle pou Nouvo Ameriken yo pral elaji pou enkli zòn vil New York.
- **Materyèl Etid Gratis:** Dokiman sa yo pral afiche sou siwèb Depatman Deta e li pral distribye atravè sant kominotè yo pou ede plis travayè pi efikasan aprann pwogram nan epi etidye pou egzamen yo.

Vizite www.dos.ny.gov/licensing/nails/nails.html pou aprann plis osijè kijan travayè salon maniki yo ka jwenn yon lisans epi reponn a règleman Depatman Deta yo.

Rete Enfòm epi Rapòte Abi

Si oumenm oswa nenpòt ou konnen pat touche salè yo komsadwa, oswa gen preyokipasyon sou sekirite nan plas travay la oswa kondisyon travay, tanpri rele **Liy Dirèk Gwoup Travay la nan (888) 469-7365**.

Vizite www.ny.gov/NailSalonSafety pou aprann plis sou sa Eta New York ap fè pou mete fen nankondisyon travay ki pa ansekirite.

Mèsi pou atanson prese prese w sou pwoblèm sa a.

Ranfòsman Gwoup Travay sou Endistri Salon Maniki nan Eta New York

www.ny.gov/NailSalonSafety

(888) 469-7365